


# SHOMANAY TOPONIMINIŃ KELIP SHÍǴÍW TARIYXÍ

**Qádirbaeva Dilfuza**
Nókis innovaciyalıq institutı, Baslawısh tálim qánigeligi, 2-kurs studenti,
Ilimiy basshı, **Daniyarova Zamira Jeńisbaevna**
Nókis innovaciyalıq institutı docent w.w.a

https://doi.org/10.5281/zenodo.11071877

**ARTICLE INFO**

Qabul qilindi: 17-aprel 2024 yil
Ma'qullandi: 19-aprel 2024 yil
Nashr qilindi: 26-aprel 2024 yil

**KEY WORDS**

*Shomanay rayonı, Qaraqalpaqstan Respublikası, tariyx, tábiyatı, toponim.*

**ABSTRACT**

*Maqalada Shomanay toponiminiń kelip shıǵıw tariyxı boyınsha sóz etildi. Sonday-aq, Shomanay rayonınıń tariyxıy áhmiyeti, ekonomikası jáne social turmısı haqqındaǵı maǵlıwmatlarǵa da toqtaldı. Izertlew juwmaǵına kóre, Shomanay Qaraqalpaqstannıń ózine tán ekonomikası, mádeniyatı hám tariyxına iye aymaq esaplanatuǵınlıǵı anıqlandı.*

Shomanay rayonı — Qaraqalpaqstan Respublikasınıń qubla -batıs bólimindegi rayon esaplanadı. Nókis qalasınan batısta, 70 km uzaqlıqta jaylasqan. Qubla tárepi Túrkmenstan Respublikası al batısında bolsa Ústirt tegisligi menen qorshalǵan. 1950-jıl 6-oktyabrde dúzilgen. 1960-jıl 5-fevralda Qońırat hám Xojeli rayonlarına qosıp jiberilgen. 1976-jıl 9-yanvarda qaytadan óz aldına rayon bolıp dúziledi. Shıǵıstan Xojeli, Qanlıkól, arqa hám batıstan Qońırat rayonı, qubladan Túrkmenstan Respublikası menen shegaralasqan. Ulıwma maydanı 0,64 mıń km$^2$. Xalıq sanı 55,8 quraydı (2019). Rayonda 1 qala (Shomanay), 6 awıl puqaralar jıyını (Birleshik, Diyxanabad, Ketenler, Mamıy, Aqjap, Sarmanbaykól) bar. Shomanay rayonı hákim tárepinen basqarıladı [1].



.

INNOVATIVE ACADEMY

Shomanay rayonı Qaraqalpaqstan Respublikasında jaylasqan rayon.

Tábiyatı. Relefi, tiykarınan, pástegislikten ibarat, diyqanshılıq ushın qolaylı jerler esaplanadı. Aymaǵı batıstan Ústirt platosına tutasıp ketedi. Klimatı keskin kontinental. Jıllıq ortasha temperatura 11°. Yanv.dıń ortasha temperaturası — 6,9°, eń pas —30°. Iyuldıń ortasha temperaturası 27,1°, eń joqarı 40°. Jılına 125 mm jawın tusedi. Vegetaciya dáwiri 190 kun. Topıraqları boz, taqırlı shól hám shorlanǵan shól otlaqlı topıraqlardan ibarat. Jabayı ósimliklerden jantaq, seksewil, aqbas, julǵın, qamǵaq, páshek, qarabaraq hám basqalar ósedi. Jabayı haywanlardan saǵal, qaban, qoyan, qırǵawıl, borsıq, hár túrli jılanlar, kesirtkeler hám basqalar ushıraydı [4].

Xalqı tiykarınan qaraqalpaqlar sonday aq,túrkmen, qazaq, ózbek, rus, tatar hám basqa millet wákilleri de jasaydı. Xalıqtıń ortasha tıǵızlıǵı 1 km$^2$ge 64,7 adam. Awıl xalqı 41 mıń, qala xalqı 15,4 adamdı quraydı.

Xojalıǵı. Rayonda "Shomanay mamıg‘ı" aksionerlik jámiyetine qaraslı paxta tazalaw zavodı, gerbish zavodı, xojalıqlar aralıq kóshpe mexanizaciyalasqan kolonna, awıl qurılıs montaj kárxanası bar. Avtokárxana, MTP, sawda, mádeniy hám xalıqqa xızmet kórsetiw orınları islep turıptı. 200 den ziyat isbilermen iskerlik kórsetedi. Shomanay rayonı, tiykarınan, awıl xojalıǵı islep shıǵarıwǵa mólsherlengen. 6 shirket xojalıǵı, 200 den artıq fermer xojalıǵı bar. 4 jeke sharwashılıq ferması bar. Paxtashılıq — rayon ekonomikasında jetekshi tarmaq. 7 mıń gektar jerge paxta, 4,5 mıń gektar jerge biyday, sonday-aq, palız, hám basqa eginler egiledi. Pille jetistiriledi. Jeke xojalıqlarında qaramal, qoy hám hár túrli quslar baǵıladı. 36 ulıwma bilim beriw mektebi (10 mıńnan artıq oqıwshı), balalar muzika hám sport mektepleri, 3 kásip óner kolledji (2 mıńǵa jaqın oqıwshı), bioekosan orayı, h.t.b xızmet kórsetpekte. Sonday-aq Mádeniyat sarayı, oraylıq kitapxana, "Gulpak" xalıq ayaq oyın dástesi, mádeniyat úyleri, sport kompleksi, stadion, sport zalları, sport maydanshaları hám basqalar bar.

Oraylıq emlewxana (240 orın), 2 awıllıq emlewxana, 5 vrachlıq punkt, 2 poliklinika, sonday-aq , medicina orınlarda 1 mıńnan artıq shıpakerler isleydi [3].

Áyyemgi tariyxiy esteliklerinen rayon aymaǵında Jampıqqala (tariyxta Aybuyir atı menen belgili, E. Sh. 5—4-ásirler), Janaqala (19-asir basları, jergilikli xalıq onı jáne Úlken tam, Qohna Shomanay dep te ataydı) bar.



SHomanay degen atamanıń kelip shiǵıwınıń ózi de bir tarıyx. Kópti kórgen jası ullılardıń aytıwlarına qaraǵanda xalıq awzında SHomanay atınıń kelip shıgıwı haqqında ańızlarda aytılıwınsha shımbaydıń SHámenay degen sulıw qızı bolıp, ol er jetip qaraqalpaq balasına turmısqa shıqqan deydi. Sol qaraqalpaqlarda bul at bara- bara shomanay dep atalǵan.

Belgili jazıwshı S.Saymanovtıń "Jańa asirge jańa qádemler" atlı kitabında Shomanaydıń kelip shıǵıwı Xiywa Xanınıń qızı shikarǵa shıǵıptı. Shikarǵa shıqqan jeri házirgi Shomanaydıń átirapı eken [2]. Hámme jaq dút toǵaylıq, shikarda júrip sol jaqın aralıqtan jaǵımlı nay hawazın esitip qalıptı. Bir xoshirey shopan jigit qamıstan nay soǵıp, shertip otır eken. "Shumi noy?"- yaǵnıy usı jaǵımlı ses usı kishkene naydan shıǵıp atırma dep soraptı qız. Naydıń júrekti terbetken jaǵımlı sesine ıshqı ketken qız onı shertken jigitke ashıq bolıp qalıptı. Qız hám atasın tıńlamastan, sol jigitke turmısqa shıǵıp, sol mákanda jasap qalǵan qusaydı. Qızdıń "shumi noy"-degen sózi elge tanılıp, nátiyjede jerdiń atamasına aylanıp, Shomanay dep atalıp ketipti dep jazadı. Taǵı basqa dereklerde bolsa jer oypatlıq bolǵanlıqtan, burınları shoman oy dep atalıp, bara-bara shomanay dep atalǵan. Bul anızlarda da haqıyqatlıq bar shıǵar. Burınları shomanay baǵlı, háremli, gúllengen el bolǵan. Waqıttıń ótiwi menen elatqa suw kelmey bul jerler shólistanlıqqa aylanıp, bir ásirge shamalas SHomanayda el bolmay qaladı. SHomanay dep atalǵan bul elat pıshıq murnı batpaytuǵın toǵaylıqlar, jabayı ańlardıń mákanı bolıp qalǵan. Aradan waqıt ótip, áste aqırınlıq penen Shomanay eli óz qálpine keledi. Bul el óz atın yaǵnıy Shomanay atamasın 1950- jıllarǵa kelip aladı. Atı Shomanay elinen belgili jazıwshılarımız tanılıp shıqqan. Qansha dóretiwshı shayırlarımız kórkem povestler, shıǵarmalar jazıp Shomanay atın kóklerge kótergen. Belgili jazıwshılarımızdan biri Jańabay Saparovtıń "SHomanaydıń esigin ashqanlar" atlı kórkem povest, Orınbay Eshmuratov "SHomanay rayonınıń dúziliw tarıyxı" atlı kitabın jazdı.

Abad bolǵay Shomanaydıń elleri,
Gúl jamılǵay shańqıtqan boz jerleri,
Qurǵınlasıp mákán basqan ellerı
Dańqıń jeti jurtqa jetkey Shomanay.

(Xalıq qosıǵı)

Kózdi ashıp jumǵansha búgingi kúnge kelip, Shomanay elatın jer júzi tanıytın dárejede gúllep rawajlandı. Jańadan jańa imaratlar boy tikledi. Biz jaslar ushın sport zallar, kitapxanalar, mektepler salındı. Átirapları abad etildi. Tanıp bolmas dárejede ózgerdi. 2000-jılı Shomanydıń 50 jıllıǵına arnap watanlasımız Ibrayım Xudaybergenov óz qutlıqlaw qosıǵın jazadı.

Xizmet etiw parız tuwılǵan elge,
Álwan ullarıńnıń biri menbe,
Ózim hár jaydaman júregim sende,
Shomanay toyıń toyǵa ulassın.

Ózge elde patsha bolǵansha, óz elinde shopan bol. Basqa jerdiń otınan tuwǵan jerdiń tútini artıq dep biykarǵa aytpaǵan dana xalqımız. Sebebi óz úyiń óleń tósegiń deydi. Hesh bir insandı óz elinen, tuwǵan jerinen ayırmasın.

Juwmaqlap aytqanda, Shomanay atamasınıń kelip shıǵıwı hám rayon tariyxı, óziniń bay tabiyatı, awıl xojalıǵı hám ekonomikası menen basqa rayonlardan keskin parıqlanadı. Sonday eken, bul rayondı izertlew bizge bahalı maǵlıwmatlardı usındı.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar:

1. QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI, T. S. V., & NAZARIDAN, T. R. X. J. N. (2023). Education and Development. *Education*, *3*(04).

2. S.Saymanov- “Jańa ásirge jańa qádemler”. -Nókis .2000 jıl.
3. https://web.archive.org/web/20210123014736/http://shomanay.rk.uz/
4. https://joqargikenes.uz/qr/testimonial-category/shomanay-tumani

INNOVATIVE ACADEMY